

# Reflections on Father Jeannot's Passing July 8, 2001

Se avèk anpil tristès ke Ayisyen lan Boston voye Rev. Msgr. Leandre Jeannot lan demè etènel li samdi 14 Jiyè 2001. Monseyò Jeannot rive lan Boston an 1972. Li al jwenn Granmèt la a 72 an le 8 jiyè. Reveran Jeannot se te premye administratè on pawas ayisyen lan Etazini. Moun Boston konsidere li kòm papa ayisyen lan Boston. Li pat sèlman sousye de nanm moun yo, men li te enterese lan pwoblèm tout ayisyen kek ou se katolik, pwostestan, ate, vodouyizan. Se konsa li te fasilite ouvèti on biwo sèvis sosyal *Haitian Multi Service Center*, ki ede lan pwoblèm imigransyon, lan jwenn travay, lan gadri pou timoun, kou angle, elatriye. Li kite 3 sè, 3 frè ak plizyè neve ak nyès.

Monseyè Jeannot te kanpe avèk tout ayisyen fanm kou gason lan bon tan ak move tan. Se konsa jou li te antere a te fè *lapluie et le beau temps*. Jounen a te kòmanse ak on bèl solèy. Men on fenomenn ki te emouvan sèke le moman ke kròkmò yo mete sekèy la sou on plaka ki wotè tiwa mozole a, lapli kòmanse farinen sou sèkey la. Ofiamezi y ap foure sekèy la lan on tip katakonb modèn, lapli a ap vin pi fò. Kan sekèy la fin antre nèt, lapli tonbe ak tout fòs li. Distans pou otobis nou te ladann la kite baryè simityè a, solèy la ouvè je l ankò. An Ayiti, lè antèman fèt anba lapli yo di ke mò regrèt li prale. Nou konprann ke metewològ te predi lapli. Men la ka sa a, lapli a te tonbe sèlman pandan Pè Jeannot ta p antere a. Plizyè esplikasyon bay. Gen moun ki di se on benediksyon natirèl. Gen moun ki di Pè Jeannot te fèlman bon ke zye moun pat ka pwodui ase lèm pou koule pou li. Lapli bay res dlo a. Gen ayisyen ki di se on fason pou Pè Jeannot te fè ayisyen yo al fè wout yo, san sa mil ekelke moun ki ta la yo, ta p rete lan simityè a pou on twazyèm jou paske ayisyen pè lapli. Te gen 2 jou veye ak sekèy ouvè lannuit kou la jounen lan jedi ak vandredi lan legliz St. Matthew/St. Leo kote Monsiyò Jeannot te kire a. Pannan nou tap esplike koensidans sa a ak on pè ki sot Kenya, li di an Afrik yo atann lan on pèsonaj (elderly) mouri pou lapli tonbe. Sa endike ke espri zansèt yo ap akeyi moun lan.

Donk pannan ke lespri zansèt Ginen yo ap akeyi Pè Jeannot e ke etan Katolik nap tann rezirèksyon li, nou mande Granmèt la ak tout zanj yo pou kenbe nanm Pè Jeannot repoze dan lapè.

Nou pa ka di "Que la terre lui soit légère", paske Reveran Jeannot pa t antere anba tè. Se lan on sot de katakonb an siman ak blòk ouswa mozole yo te mete sekèy la. Se premye fwa nou wè on moun antere konsa. Se pa ni on kavò, ni on tonb. Se on sot de miray wo, laj, ki parèt plat, ki ka mezire 6,7 met lan wotè epi 4, 5 mèl lan lajè. Gen plizyè kazye kote mò yo antere. Enfòmasyon sou mò a angrave sou chak kawo mozayik ki kouvri kazye yo.

On dènye not- Se premye fwa anpil moun, jenn moun kou granmoun nou pale avèk yo lan Boston asiste antèman on pè ke yo konnen. Anpil lan nou tandè pè mouri. Nou pa janm al lan antèman yo; nonplis tou se pa janm on pè ki sèvi nou onivo pastoral kouwè Pè Jeannot.

Nekita Lamour  
Jiyè 2001